



Pou Piblikasyon Imedya: 09/24/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KONTRA LWAYE 75 ANE KAP TRANSFÓME SANT VÒL ISTORIK TWA JFK AN YON KONPLÈKS OTÈL

Transfòmasyon an pral kreye apeprè 3,700 djòb

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse apwobasyon fòmèl yon kontra lwaye alontèm pou transfòme peyizaj Sant Vòl TWA nan Ayewopò John F. Kennedy an yon konplèks otèl sa ki pral onore epòk laj jèt ayewopò a, pandan lap bay chanm ak sèvis enpòtan nan ayewopò a pou vizitè yo.

“Administrasyon sa a angaje pou modènize ayewopò New York yo pou 21yèm syèk la nan kreye antre ki diy de Vil New York epi asire ke vwayajè yo jwenn sèvis yo bezwen,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nan Sant Vòl TWA, nou anmezi tou pou reponn a objektif sa yo pandan egalman nap konsève konsepsyon anblématik li pou pasaje yo pwofite pandan deseni kap vini yo.”

JFK se youn nan detwa ayewopò nan Etazini ki pa gen yon otèl ayewopò. Pwojè konstriksyon \$265 milyon an, ki prevwa pou l kòmanse ane pwochen, pral jenere 3,700 djòb – enkli apeprè 2,500 inyon konstriksyon ak travay restorasyon– e li prevwa pou ouvè nan 2018. Plan pou otèl la te premye anonse pa Gouvènè Cuomo nan jiyè.

Pwojè a, ki te apwouve jodia pa Konsèy Komisyonè Port Authority, mande yon kontra lwaye pou 75-ane avèk Flight Center Hotel LLC, yon patenarya MCR Development ak JetBlue Airways Corporation, pou refè Sant Vòl TWA ansanm avèk sit li a ki genyen preske sis kawotè an otèl ayewopò inik JFK. MCR Development pral kenbe 95 pousan dwa pwopriyete otèl la e JetBlue ap genyen 5 pousan.

Flight Center Hotel LLC pral investi apeprè \$265 milyon pou kontinye renovasyon Sant Vòl istorik TWA, pandan lap devlope 505 chanm otèl, 40,000 pye kare estwa reyinyon, restoran, yon spa ak yon platfòm obsèvasyon 10,000-pye kare. Konplèks la ap prezante de bilding otèl sis etaj ak yon sistèm jesyon enèji mikwo-rezo, pèmèt bilding lan jenere pwòp enèji l.

Adnplis, defansè patrimwan yo pral wè detou nan epòk 1960 yo koulwa an blan avèk salon anpeluch wouj, ki desine pa achitèk lejandè Eero Saarinen, rete tankou jan li te ye anvan yon mwaye syèk de sa apre yon renovasyon \$20 milyon pa Port Authority pou konfòme avèk plan istorik bilding lan.

Devlopman yon otèl nan ayewopò a reponn a yon rekòmandasyon kle pa Panèl Konseye Plan Prensipal pou Ayewopò Kennedy. Ansanm avèk angajman finansye delvopè a, Port Authority pral envesti tou jiska \$8 milyon nan yon konektè a tèminal JetBlue, yon garaj pakin ak estasyon AirTrain pou sèvi konplèks otèl la.

Direktè Egzekitif Port Authority Pat Foye te deklare, “Port Authority fyè pou l asire ke Sant Vòl TWA a ap jwe yon wòl enpòtan nan avni ayewopò a, pandan li rekonèt enpòtans li nan istwa avyasyon an. Nouvo otèl la pral sèvi bezwen kap ogmante pou pasaje nou yo nan tout 21 yèm syèk la, avèk yon touch nan epòk ansyen an a mitan bèl 20yèm syèk vwayaj laj jèt.”

PDG MCR Development Tyler Morse te deklare, “Nou fyè pou n ede avanse plan Gouvènè Cuomo pou modènize enfrastrikti avyasyon rejyon nou an nan pote Sant Vòl TWA an, senbòl ki pi rakonte nan laj jèt, retounen nan lavi. Aksesib a piblik jeneral la ansanm avèk tout konpayi ayeryen yo nan tout tèminal yo, otèl 505-chanm nan Sant vòl TWA ki reyabilite a pral yon ekipman enòm pou tout ayewopò Entènasyonal JFK a. Mèsi a Gouvènè Cuomo ak Port Authority New York ak New Jersey pou opòtinite enkwayab sa a pou selebre epi konsève pyès santral istorik Eero Saarinen pandan lap kreye egalman 3,700 djòb pèmanan ak konstriksyon ak 40,000 pye kare espas reyinyon sou plas ke yo bezwen anpil.”

Vis Prezidan JetBlue Corporate Real Estate Rich Smythe te deklare, “Nou kontan dèske Sant Vòl TWA, ki chita devan pòt tèminal T5 bato nou an, pral retounen nan lavi ankò. Peyizaj avyasyon Saarinen konekte avèk T5 pa de pasaj anblemantik elve li yo, ofri nou yon opòtinite pou etann eksperyans kliyan JetBlue dirèkteman nan otèl la li menm. Kòm New York se vil konpayi ayeryen yo, nou fyè dèske nou se yon envestisè minorite nan plan redevlopman MCR, sa ki konsève enpòtans istorik tèminal la pandan egalman nap retounen l bay piblik la pou tout moun pwofite l. Nou vle remèsye MCR pou vizyon l ak patenarya, e Gouvènè Cuomo ak Port Authority paske yo te sipòte kwayans nou ki te la lontan ke tèminal TWA a kapab restore epi relouvri.”

Direktè Egzekitif Terminal 4 Airlines Consortium Francis A. DiMola te deklare, “Terminal 4 Airlines Consortium ap gade pi devan nan Sant Vòl istorik la kap retounen nan itilizasyon piblik la epi genyen premye sèvis otèl konplè JFK. Avèk nouvo restoran, espas mize, yon platfòm obsèvasyon ak plis ankò, plan pèspektiv sa pral fè JFK avanse kòm yon pòt dantre nivo mondyal.”

Prezidan Konsèy Jesyon Ayeryen Ayewopò Kennedy Rodger Recker te deklare, “KAAMCO ap rete tann Sant Vòl istorik TWA a kap retounen nan itilizasyon piblik la epi òganize yon otèl sèvis konplè premye klas 500 chanm pou pasaje yo nan ayewopò. KAAMCO kwè ke

otèl la ansanm avèk etablisman konferans ki asosye yo, restoran ak lavant andetay pral kontinye fè JFK vini yon ayewopò klas mondyal an patenarya avèk Port Authority NYNJ."

Vis Prezidan Aer Lingus North America Jack Foley te deklare, "Bilding Saarinen lan ta dwe rete yon egzanp achitekti sou istwa JFK ak avyasyon men li te itilize nan kad avni JFK ak avyasyon egalman. Nan nivo sa nan etandi konsèvasyon bilding eksteryè a, transfòmè zòn sa an yon otèl ak etablisman konferans akote nan T5 ansanm avèk aksè fasil Airtrain pou tout tèminal yo ta amelyore pozisyon global JFK epi ajoute yon eleman kle ki manke nan enfrastrikti aktyèl ayewopò a."

Premye Vis Prezidan Emirates Divisional, Operasyon Komèsyal, West, Hubert Frach te deklare, "Reyabilite Sant Vòl TWA a an yon sèvis otèl konplè avèk yon reyinyon klas mondyal ak espas dine pral kreye yon ekipman enpòtan pou kliyan nou yo kap vwayaje nan New York ki soti toupatou nan mond lan. Nou kontan pou n wè yon kalite delvopman vizyonè konsa vini nan Ayewopò JFK."

Wap jwenn plis enfòmasyon disponib sou sitwèb devlopè a, Twafightcenterhotel.com.

Sant Vòl TWA a te ouvè pou aklamasyon achitekti kritik nan 1962, yon lane apre lanmò Saarinen, epi sèvi kòm tèminal TWA ak JFK jiska 2001. Lè yo te jije ke bilding lan te demode antanke tèminal paske li pat ka akomode volim pasaje yo oswa avyon modèn yo, Port Authority a te antreprann yon renovasyon konplèks pou konsève yon pati nan istwa avyasyon.

Nan 1994, vil New York te chwazi tèminal la yon referans istorik e nan 2005 Sèvis Nasyonal Pakr la te liste Sant Vòl TWA sou rejis nasyonal plas istorik yo. Bilding referans istorik flanbe blan akote Tèminal 5 e li fè pati nan operasyon JFK JetBlue Airways.

Pandan dènye deseni ki sot pase yo, bilding lan te gen yon wòl limite pou evènman spesyal yo tankou Open House New York ouvèti piblik, JetBlue konferans ak 50yèm anivèsè selebrasyon Beatles nan 1964 nan JFK premye vizit gwoup rock la pou vizite Etazini ki te kòmanse Beatlemania ak envazyon Britanik.

###

Wa p jwenn lòt nouvel nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418